

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Salah sahiji hal anu teu bisa leupas tina kahirupan manusa salaku mahluk individu jeung sosial nya éta basa. Basa mangrupa média pikeun komunikasi papada manusa dina ngébréhkeun rupaning rasa, eusi haté, kahayang, ide, pikiran, ogé gagasan-gagasanna. Cindekna mah basa téh nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvénsional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 2004 kc. 6). Salian ti bisa diébréhkeun dina wangun lisan jeung tulisan, basa ogé bisa diébréhkeun dina wangun basa tanda, isarat, jeung réa-réa deui. Basa Sunda salasahiji basa nu aya di dunya, mangrupa basa indung nu dijadikeun tatali marga pikeun masarakat Sunda.

Kasénian di Jawa Barat kacida lobana, kaasup wayang golék, mangrupa kasénian asli kabinangkitan urang Jawa Barat. Dina pagelaran wayang aya nu sok disebut carita wayang, mangrupa carita anu dilakonkeun dina hiji pagelaran wayang. Sumber carita wayang golék nya éta dina carita *Mahabarata* jeung *Ramayana*. Pagelaran wayang geus aya ti baheula. Salian ti dijadikeun alat pikeun hiburan pagelaran wayang ogé dijadikeun alat pikeun nyebarkeun agama ku para wali. Para wali anu nyebarkeun agama islam ngaliwatan pagelaran wayang nya éta Sunan Giri, Sunan Bonang, Sunan Kudus, jeung Sunan Kalijaga ku cara nepikeun amanat-amanat ngaliwatan paguneman-paguneman diantara lalakon wayang. Pagelaran wayang ogé miboga udagan pikeun nepikeun aspirasi masarakat leutik ka pamaréntah.

Pagelaran wayang téh miboga kalungguhan mangrupa wujud ide manusa enggoning hirup kumbuh ngawangun masarakat di alam dunya. Pagelaran wayang

golék ilaharna maké basa Sunda, tapi sok diuwuhan ogé ku rupa-rupa basa séjén, contona ku basa Kawi lebah kakawén atawa lebah antawacana, malah sok dicampuran ku basa Indonésia atawa basa Inggris. Dina enggoning nyarita, nu maké basa salawasna kapangaruhan ku aspék-aspék psikis, upamana rasa anu patali jeung kasopanan, kaéndahan, kagandangan, jeung sajabana.

Dina pangajaran basa Sunda sok diajar ngeunaan rupa-rupa kasenian, kaasup wayang golék anu ngabogaan sababaraha unsur boh unsur seni musik dina pirigan gamelan, boh basa nu digunakeun ku dalang dina pagelaranana. Najan kitu, kiwari loba masarakat anu teu mikawanoh basa dina pagelaran carita wayang. Barudak jaman ayeuna loba nu teu apal kana pagelaran carita wayang, sarta teu mikaresep kana kasenian wayang golék. Basana anu rada buhun ngabalukarkeun kurang dipikairut ku masarakat, hususna budak ngora salaku generasi penerus kana pagelaran wayang. Anu jadi marga lantaranana geus ngiserna sikep positif, sikep nyaah kana basa indungna sorangan balukar situasi mekarna ilmu pangaweruh jeung téknologi (IPTEK) anu hésé pisan dibendungna.

Dina kaayaan kitu pagelaran wayang téh ngabogaan ajén atikan anu kawilang penting pikeun siswa anu diajar di sakola. Carita wayang loba pisan ajén-inajén anu mangrupa contoh pilampah masarakat naon-naon waé nu bisa dicokot jeung naon-naon waé anu dipahing pikeun manusa nyanghareupan kahirupan sapopoé.

Amir (1997, kc. 19) ngajéntrékeun yén lengkepna ajén-inajén anu aya dina wayang, bisa ditingali sakumaha hadéna atikan wayang ngeunaan manusa, alam, jeung Pangéran. Lamun nilik kana hirup kumbuhna kasenian wayang ti ratusan taun katukang, urang bisa ngabuktikeun yén atikan-atikan dina wayang geus dipaké ku manusa ti jaman ka jaman. Wayang bisa dijadikeun salaku metodé dina atikan, pagelaran wayang sorangan mangrupa alat pikeun ngadidik ngaliwatan metode anu ngirut. Atikan dina wayang teu ngan saukur sacara teoritis, tapi bisa ngatik sacara kongkret, ku cara nembongkeun kahirupan lalakonna salaku

tauladan anu alus. Wayang ogé teu ngajarkeun ngeunaan ajaran-ajaran sacara akademis jeung kaku, tapi ngatik jeung ngadidik nu lalajo ku cara némbongkeun adegan-adegan anu lucu teu matak pikaboseneun.

Hasil panalungtikan ngeunaan wayang kawilang loba. Contona *Karakteristik Tokoh Pandawa dina Carita Mahabarata pikeun Bahan Pangajaran di SMA* ku Fajar Sukma Nur Alam (2008), *Karakteristik Palaku dina Carita Pandawa-Kurawa Karya Hidayat Susanto* ku Udin (2006), *Analisis Pagelaran Carita Wayang Golék Lalakon Dorna Gugur Giriharja 3* ku Nano Sutrisno (2008) jeung réa-réa deui.

Panalungtikan ngeunaan wayang mikabutuh tarékah-tarékah anu dilakukeun sacara tuluy-tumuluy, kaasup ngungkab ajén atikan pagelaran carita wayang pikeun bahan ajar di sakola. Carita wayang anu rék ditalungtik nya éta lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3, ajén atikan anu rék ditalungtikna nyaéta ajén sosial, ajén moral, jeung agama.

Dumasar kasang tukang anu geus dipedar, panyusun boga karep nalungtik carita wayang anu miboga ajén-inajén anu kawilang loba. Widang anu ditalungtikna ngeunaan ajén atikan dina carita wayang, nu bisa dijadikeun salasahiji metode dina diajar ngeunaan kapribadian anu hadé. Ku lantaran kitu, panalungtikan *Ajén Atikan dina Carita Wayang Lalakon Dorna Gugur Giriharja 3* perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta, kurangna pangaweruh masarakat ngeunaan wayang, tur kurangna kasadaran masarakat dina ngainterpretasi ajén-ajén anu nyangkaruk tina pagelaran wayang golék. Sangkan tujuanana leuwih museur, ieu panalungtikan

diwatesanan nya éta ajén atikan anu ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama.

1.2.2 Rumusan Masalah

Saluyu jeung watesan masalah nu geus dipedar, di handap ieu baris dirumuskeun masalah-masalah anu rék ditalungtik.

- a. Kumaha deskripsi carita wayang golék lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3?
- b. Kumaha struktur carita wayang golék lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3 ?
- c. Kumaha ajén atikan nu nyangkaruk dina carita wayang golék lalakon *Dorna Gugur* Giriharja 3?
- d. Kumaha carita wayang *Dorna Gugur* Giriharja 3 pikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dina ngalakukeun sagala hal pasti miboga tujuan, kitu deui ieu panalungtikan. Luyu jeung masalah-masalah nu geus dirumuskeun, tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun ajén atikan nu nyangkaruk carita wayang lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang Golék Giriharja 3.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun:

- a. déskripsi carita wayang lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3

- b. struktur carita wayang lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3
- c. ajén atikan nu nyangkaruk dina carita wayang lalakon *Dorna Gugur* Giriharja 3
- d. carita wayang lalakon *Dorna Gugur* pikeun alternatif bahan pangajaran di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu macana, katut jadi salah sahiji référénsi pikeun kaperluan-kaperluan anu aya pakaitna jeung panalungtikan ngeunaan carita wayang. Kitu deui ngeunaan carita wayang nu ditalungtik, pikeun kapentingan akademik bisa dijadikeun pangdeudeul bahan pangajaran.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat:

1) Pikeun Siswa, Panalungtik, jeung Umum

Sangkan nambahan pangaweruh dina widang sastra jeung budaya, utamana ngeunaan ajén atikan nu nyangkaruk dina carita wayang lalakon *Dorna Gugur* dina pagelaran wayang golék Giriharja 3.

2) Pikeun Guru

Pikeun guru ieu panalungtikan pikeun pangdeudeul dina bahan pangajaran basa Sunda hususna ngeunaan carita wayang.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan téh dipidangkeun dina lima bab. BAB I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan

panalungtikan ngawengku tujuan husus jeung tujuan umum, mangpaat tina panalungtikan, jeung raraga nulis.

BAB II Ulikan Tiori, ngabahas ngeunaan tiori-tiori anu dipake pikeun panalungtikan museur kana wangenan pagelaran golék, wangenan ajén atikan, jeung ngabahas Giriharja 3.

BAB III Metode Panalungtikan, medar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, tihnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV Analisis Data jeung Pedaran Ajén Atikan dina Carita Wayang Lalakon Dorna Gugur dina Pagelaran Wayang Golék Giriharja 3. Mangrupa hasil tina panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung Saran. Mangrupa bagian tina penutup ieu panalungtikan, ngajéntrékeun ngeunaan kacindekan jeung saran.